



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON ENVESTISMAN 500 MILYON DOLA KI SE PI GWO NAN NASYON AN POU ENÈJI EWOLYEN SOU LANMÈ

Gen nouvo investisman ki pral kore twazyèm apwovizyonman nan enèji ewolyen sou lanmè New York la an 2022

Plan an pral kontinye devlope pòtfèy devlopman ki pi aktif nan nasyon an depase enpak ekonomik li genyen kounye a ki se 12.1 milya dola pou tout eta a, 6,800 djòb ekolojik ki peye byen, epi konsa pral jenere plis pase 4.3 jigawat enèji - ase pou alimante prèske 3 milyon kay

Li pral garanti pozisyon New York kòm sant nasyon an pou enèji ewolyen sou lanmè

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yon plan pou ranfòse lidèchip New York nan enèji renouvlab epi fè yon investisman 500 milyon dola ki se sa ki pi gran nan nasyon an nan enèji ewolyen sou lanmè nan kad Diskou sou Eta Leta 2022 an. Plan sa a pral investi dirèkteman nan fabrikasyon enèji ewolyen sou lanmè ak enfrastrikti chenn apwovizyonman, kreye plizyè milye djòb ekolojik ki peye byen, pote plizyè milya dola enpak ekonomik, epi jenere ase enèji pou alimante plizyè milyon kay.

"Avèk investisman sa a, New York ap mennen nan nasyon an nan pwodiksyon enèji ewolyen sou lanmè, epi konsa kreye djòb ekolojik pou moun New York yo, epi alimante avni enèji pwòp nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè fè New York vin yon lidè nan enèji ewolyen sou lanmè ak enèji renouvlab. Nou dwe eksplwate potansyèl enèji ewolyen sou lanmè a pou alimante ekonomi nou pi devan epi atenn bi anbisyè nou genyen yo pou klima."

Plan Gouvènè Hochul la pou enèji ewolyen sou lanmè a pral eksplwate plis pase 6,800 djòb dirèk ki peye byen, yon enpak ekonomik konbine 12.1 milya dola nan tout eta a, e plis pase 4.3 jigawat enèji, ki ase pou alimante prèske 3 milyon kay New York, sa ki reprezante mwaye bi New York la pou 2035. Pou simante lidèchip nasyonal New York la nan enèji ewolyen sou lanmè, Gouvènè Hochul pral:

- **Investi 500 milyon dola nan enfrastrikti esansyèl pou enèji ewolyen sou lanmè:** New York pral investi jiska 500 milyon dola nan enfrastrikti pò, fabrikasyon, ak chenn apwovizyonman ki nesèsè yo pou fè endistri enèji ewolyen

sou lanmè li an vanse, epi konsa eksplwate kapital prive pou pote plis pase 2 milya dola aktivite ekonomik epi an menm tan kreye plis pase 2,000 djòb ekolojik ki peye byen. Envestisman sa a pral garanti New York gen mache enèji ewolyen sou lanmè ki pi solid la sou Bò Lanmè Lès la, sa k ap pèmèt nou vin yon sant chenn apwovizyonman an enèji ewolyen sou lanmè pou lòt pwojè toupatou sou kòt la.

- **Pwodui ase enèji ewolyen sou lanmè pou alimante omwen 1.5 milyon kay epi kreye omwen 2,000 nouvo djòb:** NYSERDA pral lanse pwochen pwodiksyon enèji ewolyen sou lanmè li an pandan ane 2022 a, sa ki sipoze bay omwen 2 jigawat nouvo pwojè — ase pou alimante 1.5 milyon kay, sa k ap mete total konbine eta a plis pase 4.5 milyon kay ki alimantè avèk enèji ewolyen sou lanmè. NYSERDA pral mete pwodiksyon sa a ansanm avèk 500 milyon dola envestisman nan enfrastrikti pou enèji ewolyen sou lanmè pou jwenn eksplwatasyon maksimòm pou New York.
- **Kòmanse planifikasyon yon rezo transmisyon enèji ewolyen sou lanmè pi devan pou alimante 4 milyon kay nan Vil New York:** Pou reyalize yon rezo enèji ewolyen sou lanmè ki kapab pote omwen 6 jigawat enèji ewolyen sou lanmè dirèkteman nan Vil New York epi an menm tan minimize enpak yo sou kòt la ak sou planche oseyan an, ajans eta yo pral fè yon Etid Koridò Kab Eta New York la (New York State Cable Corridor Study) pou idantifye koridò kab enèji ewolyen sou lanmè estratejik epi ale nan pwèn kle entèkoneksyon yo nan rezo a.
- **Lanse Plan Direktè Enèji Ewolyen sou Lanmè 2.0 a Dlo Fon (Deep Water):** Apiye sou reyisit Plan Direktè Enèji Ewolyen sou Lanmè New York la ki genyen pri an, NYSERDA pral kòmanse yon nouvo Plan Direktè 2.0: Deep Water pou debloke pwochen fwontyè a nan devlopman enèji ewolyen sou lanmè.

Ansanm ak aksyon konsekan sa yo, New York pral kòmanse konstriksyon nan premye pwojè enèji ewolyen sou lanmè eta a, Pak Ewolyen South Fork la (South Fork Wind Farm), nan kòmansman 2022.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)